



Pou Piblikasyon Imedya: 31/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APLIKASYON YO OUVRI POU DEZYÈM KOWÒT PATNÈ DEFI EMPIRE BUILDING LAN POU FÈ AVANSE BILDING KI ADAPTE POU KLIMA NAN ETA NEW YORK.**

***Ekip pwopriyetè imobilye ak enjenyè yo te chèche fè patenarya avèk Eta New York pou demontre apwòch renovasyon ki dekarbonize chofaj ak dlo cho nan kay nan bilding wo ki egziste yo***

***Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou diminye emisyon gaz efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon apèl pou aplikasyon pou yon dezyèm kowòt patnè imobilye pou rejwenn Defi Empire Building (Empire Building Challenge) 50 milyon dola a pou ede fè avanse yon pak imobilye ki adapte pou klima nan Eta New York. Nan kad pwogram lan, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York (New York State Energy Research and Development, NYSERD) ap chèche ekip pwopriyetè pòtfèy byen imobilye yo ak konpayi mekanik, elektrik ak plonbri (Mechanical, Electrical and Plumbing, MEP) yo pou soumèt aplikasyon konjwont sou apwòch renovasyon yo ki kapab mennen nan dekarbonizasyon sou gwo anlè chofaj ak dlo cho nan bilding wo ki egziste yo.

"Pwopriyetè byen imobilye yo nan Eta New York te mobilize ane pase nan angaje yo pou diminye emisyon danjere nan pòtfèy bilding yo epi kounye a n ap chèche lòt moun pou rejwenn inisyativ la pandan n ap kontinye efò agresif nou yo pou konbat chanjman klimatik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè Defi Empire Building lan, n ap fè avanse solisyon ki ka fèt sou gwo anlè pou renovasyon ki gen fèb emisyon kabòn pou redui depandans eta nou sou konbistib fosil. Nan entwodui solisyon ki gen fè emisyon kabòn nan pwogram klimatik nou, nou kontinye favorize teknoloji inovatè pou lavni ak fè avanse objektif klimatik nou yo".

Dezyèm faz aplikasyon yo pral chita sou adopsyon solid sektè prive a nan premye kowòt Defi Empire Building lan, ki mennen nan 10 patnè ki kontwole ansanm plis pase 130 milyon pye kare byen imobilye nan Eta New York, sa gen ladan plis pase 250 bilding ki gen ladan yo lojman abòdab. Elaji kapasite mache a ak angajman pou dekarbonize bilding yo fè avanse objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon

Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) nasyonal Gouvènè Hochul la pou diminye emisyon gaz efè sè yo jiska 85 pousan dis 2050

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Nou ankouraje pwopriyetè bilding lan ak ekip enjenyè yo pou pran angajman serye pou netralite kabòn nan pòtfèy yo ak aplike pou rejwenn lòt pwopriyetè pwopriyete prensipal pou fè avanse efikasite enèji, dirabilite ak anviwònman sen alenteryè. Avèk lesou nou te aprann nan pwojè Defi Empire Building lan, n ap idantifye solisyon posib pou fè bilding wo yo ki egziste nan eta a gen yon avni pi pwòp, pi vèt pou sipòte objektif Gouvènè Hochul pou genyen de milyon kay ki adapte pou klima dis 2030".

Avèk anons jodi a, NYSERDA ap chèche patnè pou rejwenn dezyèm kowòt [patnè Defi Empire Building](#) lan yo epi kontinye pwogrè vè solisyonrenovasyon ki gen fè emisyon kabòn pou simonte difikilte yo ak ede anplifye estrateji dekarbonizasyon yo pou bilding wo ki gen plis pase 20 etaj yo nan Eta New York. Nan fè ekip sou aplikasyon yo, enjenyè MEP yo pral kolabore avèk pwopriyetè byen imobilye yo pou detèmine ki teknoloji ki gen fè emisyon kabòn pou yo enstale ak angaje pou rezoud pwoblèm priyòritè yo tankou amelyorasyon nan sistèm chofaj bilding yo ak deplwaye solisyon tèmik inovatè. Solisyon sa yo gen ladan rekiperasyon chalè, estokaj tèmik, ponp a chalè avanse, idwonik ki gen tanperati fèb ak entegrasyon sistèm avanse yo. Solisyon sa yo sèvi pou redui anprent kabòn global bilding lan ak amelyore konfò ak sante rezidan yo.

Kritè elijibilite pou aplikan yo gen ladan:

- Pwopriyetè bilding yo dwe gen yon pwopozisyon pwojè dekarbonizasyon ki pare pou aplike anvan fen 2025;
- Pwopriyetè bilding lan dwe aplike pou pwogram lan nan patenarya avèk yon kabinè enjenyè Mekanik, Elektrik ak Plonbri;
- Pwopriyetè bilding lan dwe posede oswa jere yon pòtfèy bilding ki gen ladan bilding milti-famlyal ak/oswa komèsyal ki wo (20 etaj oswa plis); epi
- Pwopriyetè bilding lan dwe pran yon angajman piblik pou atenn netralite kabòn nan youn oswa plizyè bilding nan pòtfèy bilding Eta New York yo a dis 2035.

[Aplikasyon](#) yo dwe soumèt anvan 3:00 p.m. nan dat 18 me 2022, epi seleksyon yo prevwa pou jiyè 2022. Yon [wèbinè](#) sou opòtinite patenarya sa pral fèt 7 avril 2022 a 11:00 a.m.

Aplikan kalifye yo pral elijib pou aplike atravè yon solisitasyon konpetitif pou resevwa jiska 100,000 dola nan finansman pou asistans teknik, epitou elijib pou soumèt pwopozisyon pou resevwa jiska 3,000,000 dola pou egzekisyon pwojè renovasyon atravè opòtinite finansman ki prevwa libere nan dezyèm mwatye ane 2022 a.

Defi Empire Building lan, ki te lanse an 2020, se yon patenarya piblik-privè ant NYSERDA ak pwomotè byen imobilye prensipal yo, kabinè enjenyè ak founisè solisyon

yo pou renovasyon pyonye ki adapte pou klima ki kapab repwodui atravè plis pase 3 milya pye kare bilding milti-famlyal, komèsyal ak enstitisyonèl wo ki egziste. Defi a vize ankouraje aksyon klimatik pwopriyetè pòtfèy byen imobilye yo; prezante meyè estrateji ki komèsyalman akseptab pou dekarbonize bilding ki egziste yo; epi ankouraje devlopman pwodui ak inovasyon nan chèn apwovizyonman global la.

Atravè Defi Empire Building lan, NYSERDA ap sipòte 10 nan pwopriyetè pòtfèy byen imobilye yo ki te pran angajman pou akselere byen vit efò dekarbonizasyon yo avèk objektif pou atenn netralite kabòn ak ensite mache a pou patisipe nan efò a. Defi a ap ankouraje patenarya ant pwopriyetè yo ak devlopè teknoloji ki pi inovatè, fabrikasyon ak founisè solisyon yo pou demontre pwojè renovasyon ki gen fè emisyon kabòn ki redui konsomasyon enèji bilding yo ak emisyon gaz a efè de sè yo epi ki ka fèt sou gwo anplè ak repwodui atravè Eta New York. Kòm rezilta premye faz la, Empire State Realty Trust, Hudson Square Properties, L+M Fund Management ak Omni New York, chak te [resevwa](#) jiska 5 milyon dola nan finansman eta ki gen negosyasyon kontra ki annatant pou egzekite pwojè renovasyon pwopoze yo ki diminye emisyon danjere epi sèvi kòm modèl dirabilite iben pou klima frèt yo.

**Senatè Eta a Kevin Parker te deklare,** "Yon eleman kle ki pral ede Eta a atenn objektif enèji pwòp li se patenarya. Inisyativ sa se yon ekselan mwayen pou fè patenarya avèk pwomotè yo epi asire yo enkòpore opsyon ekonomi enèji nan bilding yo"

**Manm Asanble Steven Cymbrowitz te deklare,** "Repons antouzyas pou premye faz Defi Empire Building lan demontre volonte sektè prive a pou pataje misyon pou diminye emisyon gaz a efè de sè yo nan Eta New York. Fè avanse bilding ki adapte pou klima rete yon objektif ijan epi inisyativ sa anbrase lespri patenarya ke nou bezwen pou reyalize dekarbonizasyon chofaj ak dlo cho nan bilding ki egziste yo sou gwo anplè".

Youn nan sektè ki pi difisil pou dekarbonize nan anviwònman ki konstwi a se bilding wo ki egziste nan klima frèt yo tankou bilding ki fòme liy orizon Vil New York yo. Defi Empire Building lan abòde aspè ki pi difisil pou dekarbonizasyon bilding konplèks sa yo atravè renovasyon yo pou redui depandans sou konbistib fosil, fè avanse Elektrifikasyon Efikas Resous, entegre estrateji dekarbonizasyon nan planifikasyon kapital ak pwosesis jesyon resous epi asire inovasyon fèb an kabòn ak devlopman pwodui satisfè bezwen pwopriyetè byen imobilye yo. Pri Teknoloji Empire a, yon inisyativ 10 milyon dola pou ankouraje devlopman pwodui ak inovasyon pou abòde lakin sou mache a, pral lanse nan dezyèm mwatye ane sa.

Bilding yo se pi gwo sous emisyon gaz a efè de sè yo nan Eta New York, ki responsab pou yon tyè emisyon anyèl yo nan tout eta a. Entegre mezi sou efikasite enèji ak elektrifikasyon nan bilding ki nouvo ak ki egziste yo pral redui polisyon kabòn ak ede vin genyen bilding ki pi dirab, sen ak konfòtab pou sipòte objektif anbisyè eta a pou genyen 2 milyon kay ki adapte pou klima disi 2030. Atravè pwogram NYSERDA ak sèvis piblik yo, plis pase 6.8 milya dola ap investi pou dekarbonize bilding yo pou atenn objektif dekarbonizasyon Eta a. Nan amelyore efikasite enèjetik nan bilding yo epi mete estokaj sou sit yo, enèji renouvlab ak ekipman rechaj veyikil elektrik, Eta a pral diminye polisyon

ak kabòn nan epi avanse nan objektif pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (Inite Tèmik Britanik) disi lane 2025, sa ki se ekivalan ak kouran pou 1.8 milyon kay. Efikasite enèjetik konte pou 75 pousan travay ki gen nan sektè enèji pwòp la nan New York.

## **Lwa Klimatik Nasyonal Eta New York**

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekitab nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab rive 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan tout ekonomi an. Li chita sou investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 33 milya dola nan 102 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.6 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Mete ansanm, investisman sa yo pèmèt kenbe prèske 158,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2020, yon kwasans 2,100 pousan nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035.

Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrè sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050. Rediksyon sa yo dwe asire tou ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp prale nan kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji pandan itilizasyon final.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418